

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Basa nya éta sistem lambang omongan anu dihasilkeun ku alat ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antara anggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi. Salah sahiji hakékat basa téh sistem. Disebut sistem lantaran beungkeutan unsur-unsur (wangun jeung eusi) anu silih lengkepan dumasar kana aturan anu tangtu pikeun ngahontal tujuan. Minangka hiji sistem, basa téh mibanda sipat sistematis nya éta basa téh ngandung unsur-unsur anu puguh éntép seureuhna, ari sistemik nya éta basa téh mibanda pola-pola (aturan) anu dumuk tur bisa diramalkeun, kayaning aturan fonologi, morfologi, sintaksis, jeung semantik (Sudaryat, 2003:3).

Dina fungsi basa salaku alat komunikasi hakékatna mah basa téh mangrupa prosés nepikeun eusi pikiran, rasa, kahayang, jeung sarupaning pamaksudan ka nu lian kalawan maké sistem sora anu arbitrér. Cara nepikeun éta komunikasi aya ku cara langsung ngaliwatan adu renyomna panyatur jeung pangregep atawa ku cara teu langsung ngaliwatan basa tinulis. Eta hal téh luyu jeung élmu pragmatik anu medar ngeunaan luyu henteuna maké basa dina komunikasi boh lisan boh tulisan.

Basa téh diwangun ku dua lapisan nya éta wangun jeung eusi. Lapisan wangun ngawengku dua lapisan nya éta wangun gramatik anu ngawengku wacana, kalimah, klausa, frasa, kecap, jeung morfém. Wangun fonologi anu ngawengku engang, foném jeung sora. Lapisan eusi mangrupa eusi atawa ma'na.

Wangun katatabasaan dipaluruh ku tatabasa nu ngawengku (1) sintaksis, anu maluruh adegan wacana, kalimah, klausa, frasa, jeung (2) morfologi, anu maluruh adegan morfém jeung kecap (Sudaryat, 2003:5-6).

Ieu panalungtikan patali jeung salah sahiji widang sintaksis, nya éta kalimah. Bahan panalungtikanana ngeunaan kalimah wawaran. Dina hal ieu kalimah mangrupa wangun katatabasaan miwujud kecap atawa runtuyan kecap nu puguh adeganana pikeun ngébréhkeun pikiran kalawan gembheng, diwatesanan ku randegan panjang nu binarung jeung wirahma ahir turun atawa naék (Sudaryat, 2003:85).

Salah sahiji papasingan kalimah nilik kana eusina nya éta aya kalimah wawaran. Kalimah wawaran nya éta kalimah anu eusina ngawawarkeun, méré béja ka nu lian tur miharep responsi nu mangrupa panitén wungkul (Sudaryat, 2003:96). Ari ceuk Prawirasumantri (2000:78), kalimah wawaran atawa kalimah déklaratif, nya éta kalimah anu basana dipaké ngawawarkeun, ngabéjaan, atawa méré katerangan informasi. Anapon wanda tina kalimah wawaran ngawengku kalimah salancar, kalimah ngantét, kalimah sumélér, kalimah pagawéan, kalimah tanpagawéan, kalimah migawé, kalimah dipigawé, kalimah migawé manéh, kalimah silih bales, kalimah golongan, kalimah kaayaan jeung sajabana. Dina prakna kalimah digunakeun pikeun alat komunikasi, biasana kalimah téh henteu

nyorangan, tapi ngaruntuy ngawangun hiji leunjeuran omongan. Runtuyan kalimah anu aya patalina boh hartina boh wangunna tur ngawangun hiji konstruksi anu ngébréhkeun maksud atawa pikiran anu lengkep disebut wacana (Prawirasumantri, 2000:12).

Panalungtikan ngeunaan kalimah kaitung geus réa, upamana baé: “Kalimah Panyeluk dina Novel *Bahalik Pikir* Karangan Samsóédi Pikeun Bahan Pangajaran di SMP” (Rina Irawati, 2005), “Adegan Kalimah Aktif dina Kumpulan Carpon *Oknum* Karangan Hadi AKS” (Tevi Sonika Hidayat, 2004), “Adegan Kalimah Pasif dina Kumpulan Carpon *Halimun Peuting* Karangan Iskandarwassid” (Ihat Sholihat, 2004).

Tina katerangan di luhur ébréh yén panalungtikan nu patali jeung kalimah wawaran jembar mah can aya. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “**Kalimah Wawaran Jembar dina Novel Pangantén Karangan Dédén Abdul Aziz**” di laksanakeun.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Ditilik tina wangunna, kalimah wawaran téh dipasing-pasing jadi kalimah salancar, kalimah ngantét, jeung kalimah sumélér. Disawang tina katégorina, kalimah wawaran bisa mangrupa kalimah pagawéan jeung kalimah tanpagawéan. Disawang tina wandana, kalimah pagawéan bisa dibedakeun jadi kalimah migawé manéh, kalimah migawé, kalimah dipigawé, jeung kalimah silih bales.

Kalimah salancar téh dibagi deui nya éta basajan jeung jembar. Ku sabab ambahanana lega teuing, panalungtikan kalimah téh rék diwatesanan kana kalimah wawaran jembar wungkul, anu disawang tina jihat katégori, adegan jeung ma'na kalimahna.

1.2.2. Rumusan Masalah

Aya sababaraha masalah nu perlu di rumuskeun dina ieu panalungtikan. Eta rumusan masalah téh bisa di tepikeun di handap ieu.

- 1) Aya sabaraha jumlah kalimah anu kapanggih dina novel *Pangantén* karangan Dédén Abdul Aziz?
- 2) Kumaha katégori kalimah wawaran jembar dina éta novel?
- 3) Kumaha adegan kalimah wawaran jembar dina éta novel?
- 4) Naon harti kalimah wawaran jembar dina éta novel?

1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Patali jeung kasang tukang, rumusan masalah diluhur, ieu panalungtikan ngabogaan tujuan pikeun ngadéskripsikeun adegan kalimah wawaran jembar dina novel *Pangantén* karangan Dédén Abdul Aziz nu ngawengku:

- 1) rupa atawa wangunna;
- 2) katégori kalimah wawaran jembar;
- 3) adegan kalimah wawaran jembar; jeung
- 4) harti kalimah wawaran jembar.

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep dina ieu panalungtikan nya éta

- 1) méré informasi ngeunaan kalimah wawaran jembar salaku unsur basa anu dipaké dina karya sastra;
- 2) meunangkeun informasi ngeunaan kalimah wawaran jembar boh aplikasina boh tiorina; jeung
- 3) méré informasi ka masarakat ngeunaan kalimah wawaran jembar anu aya dina novel *Pangantén* karangan Dédén Abdul Aziz.

1.4. Anggapan Dasar

Ieu panalungtikan dumasar kana sababaraha anggapan dasar, nu diwincik saperti di handap ieu.

- 1) kalimah wawaran jembar bisa dipedar dumasar kana jihat katégori, adegan, jeung harti;
- 2) dina novel *Pangantén* karangan Dédén Abdul Aziz ngandung kalimah wawaran jembar anu bisa dianalisis;
- 3) kalimah wawaran jembar mibanda kaédah-kaédah nu tangtu.

1.5. Raraga Tiori

Tiori-tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta: *Pedaran Basa Sunda* (Sudaryat, 2003), *Sintaksis Basa Sunda* (Prawirasumantri, 2000).

1.6. Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

1.6.1. Méthode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun méthode déskriptif. Unsur-unsur anu didésripsikeun nya éta jumlah kalimah wawaran jembar, katégori, adegan, jeung harti.

1.6.2. Téhnik Panalungtikan

Pikeun ngumpulkeun jeung ngolah datana dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis téks.

1.7. Sumber Data

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta novel *Pangantén* karangan Dédén Abdul Aziz.

